QORAQALPOG‘ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA’LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko‘chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«11» август 2021-y. № 01-01/4-396 «____»-__________ 2021-j.

**Нөкис қаласы, Таслақ елаты,**
**Дарсан көшеси, 9-жайда жасаўшы**
**пуқара Л.Курбаниязоваға**

**Көширмеси:** **Қарақалпақстан Республикасы**
**Министрлер Кеңесине**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизге, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесине Нөкис қаласы 28-санлы улыўма орта билим бериў мектебине жумысқа қайта тиклеп бериўде әмелий жәрдем сорап жазған мүрәжатыңыз тийисли қәнигелер тәрепинен үйренип шығылып, нәтийжеси бойынша төмендегилерди мәлим етеди.

Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы 28-санлы улыўма орта билим бериў мектеби тәрепинен 2013-жыл 2-сентябрьде Өзбекстан Республикасы Мийнет кодексиниң 97-статьясы 1-бәнти тийкарында Сиз бенен дүзилген мийнет шәртнамасы бийкар етилген.

Сиз Нөкис қаласы 28-санлы улыўма орта билим бериў мектебине жумысқа қайта тиклеў бойынша Өзбекстан Республикасы Мийнет Кодексиниң 270-статьясы талапларына муўапық пуқаралық ислери бойынша Нөкис районлараралық судына даўа арза менен мүрәжат етсеңиз мақсетке муўапық болады.

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 29-январьдағы “Халық билимлендириўи системасындағы шөлкем ҳәм билимлендириў мәкемелеринде бос жумыс орынлары (вакант лаўазымлар) ҳаққында министрликтиң рәсмий веб-сайты арқалы дағаза бериў тәртиби ҳаққында”ғы 20-санлы буйрығы қабыл етилди.

Усы буйрық пенен, Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң “Мектеп билимлендириўи барысын басқарыў системасы - ish.uzedu.uz” базасында “Бос жумыс орынлары” бөлими арқалы район(қала)лық халық билимлендириў бөлимине қараслы улыўма орта билим бериў мәкемелери тәрепинен бос турған лаўазымларға ish.uzedu.uz сайты арқалы ашық таңлаўға дағаза бериледи.

Жоқарыдағылардан келип шығып, Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы улыўма орта билим бериў мәкемелеринде Сизиң қәнигелигиңиз бойынша бар болған бос жумыс орынлары ҳаққындағы мағлыўматлар ish.uzedu.uz сайтына киритилген жағдайда мүрәжатыңызды инабатқа алып, жумысқа жайластырыў илажлары көрип шығылатуғынлығын мәлим етемиз.

Сондай-ақ, министрликтиң Сизге берген жуўап хатынан қанаатланбасаңыз жоқары турыўшы уйымларға мүрәжат етиў ҳуқықыңыз бар екенлигин түсиндиремиз.

**Екинши мәнзилге:** Мағлыўмат ушын.

**Министр орынбасары** **Ш.Таджимуратов**

Таярлаған: С.Жуманиязов
Тел: 61 222 24 66